

## Fòm Kontwòl Jistis pou Anviwònman an

Non Pwojè a	Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten
Dat ki Prevwa pou Depo nan MEPA	31 janvyè 2024
Non Defansè a	Otorite Resous Dlo Massachusetts (Massachusetts Water Resources Authority, MWRA)
Kowòdone (pa egzanj, konsiltan)	MWRA Colleen Rizzi <a href="mailto:Colleen.Rizzi@mwra.com">Colleen.Rizzi@mwra.com</a> 857-331-2574
Sitwèb piblik pou pwojè a oswa lòt kote fizik kote moun ka jwenn materyo pwojè a (si disponib)	<a href="https://www.mwra.com/mwtp.html">https://www.mwra.com/mwtp.html</a>
Minisipalite ak Kòd Postal pou Pwojè a (si w konnen li)	Belmont (02478), Boston (02124, 02126, 02130, 02131, 02132, 02136), Brookline (02445), Dedham (02026), Needham (02494), Newton (02459, 02461, 02462, 02464, 02466, 02467), Waltham (02451, 02452, 02453), Watertown (02472), Wellesley (02481), Weston (02493)
Tip Pwojè* (fè lis tout sa ki aplikab)	Apwovizyonman Dlo - Tretman/ mwayen transpò
Èske sit pwojè a lokalize nan yon plèn ki ka inonde ke FEMA te mete sou kat sou 100 lane? Wi/Non/ pa konnen	Wi
Estimasyon emisyon GHG yo nan espas rezève yo ( <a href="#">klike la a pou zouti Estimasyon GHG</a> )	Yo prevwa ke Pwogram nan ap jenere emisyon minimal gaz ak efè sè (GES) pandan eksplwatasyon l (sa vle di, apre konstriksyon). Kidonk, egzanjpsyon “ <i>de minimis</i> ” ( <i>twò minim</i> ) nan t ap aplikab pou operasyon yo, epi yo pa t realize yon evaliyasyon kantitatif GES operasyon Pwogram nan.  MWRA te prepare yon evaliyasyon kantitatif emisyon NO <sub>x</sub> , VOC ak GES pandan peryòd konstriksyon Pwogram nan ki te demontre ke enpak sou kalite lè a pou tout altènatif yo sipoze ase minè, epi lontan pi ba pase sèy enpak sou kalite lè eta ak federal yo.

### Deskripsyon Pwojè a

1. Bay yon deskripsyon tou kout pwojè a, ki enkli dimansyon global sit pwojè a ak kantite pye kare batiman ak estrikti ki pwopoze yo si w konnen.

Anviwon yon distans 15 miles ak de (2) nouvo tinèl apwovizyonman dlo pwofon nan wòch yo (aliman nò ak sid) ta dwe konstwi pou founi redondans pou Sistèm Tinèl Metwopoliten MWRA ki egziste deja. Sa a gen ladan jiska 14 sit souteren nan 6 minisipalite ki vin bay jiska 9 kawo aksè oswa acha teren pèmanan. Sipèfisi definitif yo bay nan Rapò Final sou Enpak Anviwonmantal (Final Environmental Impact Report, FEIR) la ale nankonsepsyon final.

2. Liste limit egzamen MEPA ki prevwa yo (301 CMR 11.03) (si w konnen yo)

- 11.03(4)(a)(3): Konstriksyon youn oswa plis nouvo tiyo prensipal dlo ki mezire dis oswa plis mil nan longè.**
- 11.03(1)(b)(3):** Dispozisyon oswa chanjman nan itilizasyon teren oswa nan yon enterè fonsye ki soumèt nan Atik 97 Amandman nan Konstitisyon Commonwealth la.
- 11.03(1)(b)(1):** Modifikasyon dirèk yon sipèfisi 25 kawo tè oswa plis.
- 11.03(3)(b)(1)(f): Modifikasyon ½ kawo tè nan nenpòt zòn imid oswa mwens.**
- 11.03(6)(b)(2)(b): Konstriksyon, elajisman oswa antretyen yon wout oswa dwa pasaj li ki pral lakoz yo koupe senk oswa plizyè pyebwa ki gen yon dyamèt 14 pous oswa plis ki nan wotè yon moun, ki bay lonbraj nan espas piblik vivan.**

3. Liste tout pèmi leta, lokal ak federal ki prevwa ki nesèsè pou pwojè a (si w konnen yo)

Ajans/Depatman	Pèmi/Apwobasyon/Desizyon
<b>Federal</b>	
Peyi Etazini Ajans Pwoteksyon Anviwònmantral (USEPA)	Sistèm Nasyonal Eliminasyon Rejè Polyan yo (NPDES) Pèmi Jeneral pou Konstriksyon (CGP)
	Pèmi Jeneral Asèchman ak Asenisman NPDES, si li nesèsè
Peyi Etazini Kò Enjenyèr Lame a (USACE)	Pèmi Depatman Lame a delivre annakò ak Seksyon 404 la (Avi Jeneral ak Konstriksyon Pwojè a) <sup>1</sup>
<b>Commonwealth of Massachusetts</b>	
Biwo Ekzekitif Afè Enèji ak Anviwònmantral (EEA)	Analiz Lwa sou Politik Anviwònmantral Massachusetts (MEPA)
Komisyòn Istorik Massachusetts (MHC)	Egzamen annakò ak Lwa Jeneral Massachusetts CH. 9, Seksyon 26-27C
Depatman Transpò Massachusetts (MassDOT)	Likidasyon/pasasyon teren <sup>1</sup>
	Pèmi pou Aksè ak Otowout/Aksè ak Chantye <sup>1</sup>
Otorite Transpò Massachusetts Bay (MBTA)	Kontra Lisans MBTA pou Aksè ak Dwa Pasaj
Depatman Konsèvasyon ak Lwazi (DCR)	Likidasyon/pasasyon teren <sup>1</sup>
	Pèmi Konstriksyon/Aksè <sup>1</sup>
Depatman Pwoteksyon Anviwònmantral Massachusetts (MassDEP)	Pèmi Lwa sou Jesyon Dlo a
	Chapit 91 osijè Lisans yo
	Òdonans pou Ranplasman Kondisyon yo, sizoka gen apèl <sup>1</sup>
	Sètifika pou Kalite Dlo a annakò ak Seksyon 401 an
Divizyon Jestyon ak Antretyen Imobilizasyon Massachusetts	Atik 97 nan Lwa sou Likidasyon Teren <sup>1</sup>
<b>Minisipal</b>	
Komisyòn Konsèvasyon	Òdonans Kondisyon annakò ak Lwa sou Pwoteksyon Zòn Imid yo <sup>1</sup>
Depatman Travay Piblik	Pèmi pou Aksè ak Otowout/Pèmi pou Ouvèti Lari <sup>1</sup>
Komisyòn Boston pou Dlo ak Egou	Pèmi pou Bouch Ensandi
	Pèmi pou Rejè Drenaj

<sup>1</sup> Endike si pèmi an oswa apwobasyon an espesifik ak sit la

Remak: Sa a se yon lis pèmi ak apwobasyon preliminè ke yo ka mande pou Pwogram nan. Lis sa a baze sou enfòmasyon aktyèl osijè Pwogram nan e yo ka chanje ofiramezi konsepsyon Pwogram nan ap evolye.

4. Idantifye popilasyon EJ yo ak karakteristik yo (Minorite, Revni, Izòlman Anglè) ki nan espas 5 kilomèt sit pwojè a (ou ka atache kat ki idantifye reyon 5 kilomèt la apati [Vizaylize Kat EJ](#) nan plas yon eksplikasyon)

**Yo te soumèt Fòm pou Notifikasyon Anviwonmantal (ENF) la pou Pwogram sa a nan dat 31 mas 2021. Yo te soumèt yon Rapò Preliminè sou Enpak Anviwonmantal (DEIR) la nan dat 17 oktòb 2022. Yo te soumèt yon Rapò Preliminè Adisyonèl sou Enpak Anviwonmantal (SDEIR) la nan dat 31 jiyè 2023. Yo pa fenk soumèt DEIR, SDEIR ak FEIR yo, kidonk yo pa soumèt anpa *Pwotokòl Patisipasyon Piblik MEPA a pou Popilasyon Jistis Anviwonmantal la oswa Pwotokòl Enterimè MEPA a pou Analiz Enpak Pwojè a sou Popilasyon Jistis Anviwonmantal yo*. Pakont, MWRA konfòmè l volontèman ak mizajou sa yo nan pi gwo mezi ki posib la epi l ap fè yon sansibilizasyon ak yon analiz konplè popilasyon EJ ki lokalize toupre sit Pwogram yo pwopoze a.**

Pou aliye l ak Pwotokòl EJ MEPA ak règleman ki amande yo, analiz EJ a te idantifye gwoup katye pou resansman yo nan yon reyon 1 mile ak limit pètibasyon (LOD) nan zòn konstriksyon tanporè yo ozalantou chak sit Pwogram yo pwopoze a. Zòn etid EJ a gen ladan tou gwoup katye ki nan yon distans 0.5 mile parapò ak itinerè ki prevwa pou vehikil chantye yo pou ale/retounen nan chak sit Pwogram nan epi ki toupre otowout entè-eta a.

**Tanpri, konsilte imaj ki vini ak dokiman sa a ki ilistre popilasyon EJ ki nan limit 1 mil sit ki pwopoze yo.**

5. Idantifye tout minisipalite oswa sektè resansman ki reponn ak definisyon “kritè EJ pou sante vilnerab” nan [Zouti DPH EJ](#) ki lokalize nan tout oswa nan yon pati nan yon espas reyon 1 mil sit pwojè a

**Gwoup katye pou resansman EJ ki nan yon distans 1 miles ak sit American Legion an ak sit Southern Spine Mains nan Boston an, ak sit UMass Property la, sit Lower Fernald Property la, sit School Street la ak sit Cedarwood Pumping Station ki nan Waltham la lokalize nan sektè resansman ki gen nivo Prevalans Plon nan San Elve pou chak 1,000 abitan vrèman elve parapò ak nivo eta a.**

Gwoup katye pou resansman EJ ki nan yon distans 1 miles ak sit American Legion an ak sit Southern Spine Mains nan Boston an, sit Newton Street Pumping ki nan Brookline nan; ak sit UMass Property la, sit Lower Fernald Property la, sit School Street la ak sit Cedarwood Pumping Station ki nan Waltham la lokalize nan sektè resansman ki gen to Pwa Nesans Ki Fèb pou chak 1,000 abitan ki vrèman elve parapò ak to eta a.

**Yo te idantifye kritè sante ki vilnerab yo onivo kominote a kòm yon nivo ki vrèman elve parapò ak nivo eta a nan Boston, sa ki konsène sit American Legion nan, sit Southern Spine Mains la, ak gwoup katye ki nan yon distans 1 miles ak sit Newton Street Pumping Station la ki se yon pati nan Boston.**

6. Idantifye enpak potansyèl akoutèm ak alontèm sou anviwònman ak sante piblik ki ka afekte Popilasyon EJ yo ak tout atenyasyon ki prevwa yo

**Aktivite Pwogram nan pap agrave chaj anviwònmantal ak sanitè ki egziste deja ke Zouti EJ DPH la te idantifye yo.**

**Pa gen enpak alontèm sou anviwònman oswa sante piblik ki ka afekte popilasyon EJ yo. Gen enpak akoutèm ke yo prevwa akòz ogmantasyon tanporè sikilasyon veyikil chantye yo, nivo bri sou chantye yo ak kontaminasyon potansyèl yo jwenn nan materyèl pou fouy yo. Avèk mezi atenyasyon ki planifye yo, yo pa prevwa okenn efè oswa enpak negatif dispwopòsyone k ap ka afekte popilasyon EJ yo. Amelyorasyon rezèv apwovizyonman dlo ke Pwogram nan founi an pral nan avantaj alafwa popilasyon EJ ak popilasyon ki pa fè pati EJ a, lè yo amelyore fyabilite sèvis distribisyon dlo ak dlo egou yo.**

**Yo te bay enfòmasyon detaye sou enpak potansyèl ak sou mezi rediksyon yo prevwa yo nan DEIR la e yo te bay plis detay sou yo nan SDEIR la. FEIR la klarifye enfòmasyon konsènan analiz EJ a epi li bay enfòmasyon ki ajou sou efò sansibilizasyon yo.**

7. Idantifye avantaj pwojè a, ki enkli "Avantaj Anviwònmantal" jan sa defini nan 301 CMR 11.02, sa ki ka amelyore kondisyon anviwònmantal oswa sante piblik popilasyon EJ a


**Objektif Pwogram Tinèl Dlo Metwopoliten an se pou amelyore fyabilite Sistèm Tinèl Metwopoliten ki sèvi zòn metwopoliten Boston an, sa k ap pèmèt antretyen ak reparasyon sistèm nan san entèripsyon sèvis la yon fason k ap konsève kapasite sistèm nan pou l founi dlo ki nesèsè pou sipòte sante ak sekirite piblik.**

**Objektif prensipal pwogram nan se pwoteje sante piblik la, asire asenisman epi founi pwoteksyon kont ensandi, anakò ak misyon MWRA a.**

8. Dekri kijan kominote a ka solisite yon reyinyon pou diskite sou pwojè a, ak kijan kominote a ka solisite yon sèvis entèpretasyon lang aloral nan reyinyon an. Bay presizyon sou kijan pou solisite lòt aranjmanm ki enkli reyinyon apre lè travay ak nan espas ki toupre transpò piblik.

**Kominote yo ka mande yon sesyon enfòmasyon piblik, toukòm ak nenpòt sèvis entèpretasyon ki nesèsè, lè yo kontakte:**

**Carmine De Maria  
Manadjè Relasyon Kominotè  
Carmine.Demaria@mwra.com  
617-963-9876**




**Pwogram Tinèl  
Dlo Metwopoliten an**

**Kontra MWRA No. 7159  
Rapò Final sou Enpak  
sou Anviwònman**



**Kat Apèsi Jistis Anviwònmantal  
Panèl 1**

Sous: MassGIS, NHESP, MWRA




**Pwogram Tinèl  
Dlo Metwopoliten an**

**Kontra MWRA No. 7159  
Rapò Final sou Enpak  
sou Anviwònman**



**Kat Apèsi Jistis Anviwònmanal  
Panèl 2**

Sous: MassGIS, NHESP, MWRA



**Pwogram Tinèl  
Dlo Metwopoliten an**

**Kontra MWRA No. 7159  
Rapò Final sou Enpak  
sou Anviwònman**



**Kat Apèsi Jistis Anviwònmanal  
Panèl 3**

Sous: MassGIS, NHESP, MWRA